

janvyè 2018

## ENFÒMASYON ENPÒTAN POU PARAN KI SOTI NAN DEPATMAN SANTE FLORIDA KONSÈNAN MALADI GRIP LA

**Depatman Sante Florid la (Depatman an) rapòte ke grip oswa, nivo aktivite “grip an jeneral,” ap ogmante rapidman pandan kèk semenn ki soti pase yo.** Grip se yon maladi respiratwa atrapan ki rive akòz yon viris grip. Maladi a kapab kòmanse soti nan nivo tanpere rive nan nivo sevè. Rezilta serye enfeksyon grip kapab lakoz yon moun ale lopital oswa menm lakoz li mouri. Genyen moun, tankou jenn moun, vyeya, ak moun ki genyen sètèn kondisyon sante kapab genyen gwo risk pou konplikasyon serye ke grip la lakoz. Depatman an ankouraje fanmi pou pran vaksen kont grip konye a.

### **Vaksinasyon se meyè fason pou pwoteje kont grip ak konplikasyon sevè ke grip lakoz.**

Vaksinasyon enpòtan anpil pou timoun ki genyen kondisyon sante ki remakab tankou las, dyabèt, maladi kè, e kondisyon newolojik e newo-devlopmanal. Yo bay vaksen pou grip nan plizyè lokasyon enkli famasi, klinik, anplwayè, e lekòl. Kontakte moun ki pran swen sante ou, depatman sante nan konte a, oswa vizite <http://www.floridahealth.gov/findaflushot> pou jwenn yon sant ki bay vaksen pou grip ki bò kote ou abite.

**Vaksen grip se yon vaksen ki pwoteje.** Komite Konsèy Nasonal sou Pratik Vaksen (ACIP) rekòmande ke tout moun ki nan laj si mwa oswa plis pou pran vaksen kont grip chak **chak ane**. Piske timoun mwenske si mwa twò jèn pou pran vaksen kont grip, li enpòtan pou manm fanmi yo (ki enkli fanm ansent oswa manman kap bay timoun tete) ak lòt moun kap pran swen timoun sa yo pran vaksen kont grip pou ede yo pwoteje yo kont maladi a.

Li espesyalman enpòtan pou ke paran yo **fè timoun ki malad yo rete lakay yo** po prevni ke yo pa pwopaje viris maladi a bay lòt moun. Genyen lòt mezi prevansyon kont grip ki enkli rete lwen moun ki malad, kouvri nen ou lè ou ap estènen oswa lè ou ap touse avèk papyè oswa koud bwa ou, pa touche zye ou, nen ak bouch ou, epi lave men ou detanzantan.

**Si pitit ou tonbe malad avèk maladi ki sanble ak fyèv ak grip, ale kontakte pwofesyonèl ki abitye ba li swen sante yo sito ke sentòm nan kòmanse parèt sou li. Sentòm maladi sa a toujou mache ak lafyèv, tous, mal gòj, rim, kò fè mal, mal tèt, oubyen fatig.** Yo pwouve ke medikaman antiviral pou maladi sa a kapab redwi severite ak kantite tan maladi a ap dire, redwi risk konplikasyon influenza kapab koze, epi redwi risk ka lanmò pami pasyan ki etènen lopital yo, patikilyèman pami malad ki tanmen tretman yo byen bonè depi aprè maladi a kòmanse deklare. Pwofesyonèl ki bay swen sante yo kapab preskri tretman antiviral si sa apwopriye. Tretman yo pi efikas lè yo kòmanse nan anviwon 48 èd tan, kidonk li enpòtan pou w kontakte doktè pitit ou sito ke maladi a deklare sou li, espesyalman si pitit out e genyen lòt pwoblèm sante deja.

**Pi meyè fason pou w kenbe ou menm ak fanmi ou an sekirite epi an sante pandan sezon grip ak lafyèv la se pou nou:**

- Pran vaksen;
- Fè manb nan fanmi an ki tonbe malad rete lakay;
- Kontakte pwofesyonèl swen sante ou si ou menm oubyen pitit ou kòmanse gen sentòm ki sanble ak lafyèv ak grip; epi
- Swiv konsèy doktè ou ba ou sou tretman ou dwe pran.

Pou plis enfòmasyon, ou kapab ale vizite sit sa a <http://www.cdc.gov/flu/parents/index.htm>.  
Sensèman,